

Vaksen Rekonbinan Zoster (Zona): Sa Ou Dwe Konnen

Many Vaccine Information Statements are available in Haitian Creole and other languages. See www.immunize.org/vis


Anpil Bilten ki genyen Enfòmasyon sou Vaksen disponib nan lang Haitian Creole ak nan lòt lang. Gade nan www.immunize.org/vis

1 Poukisa moun dwe vaksinen?

Vaksen rekonbinan zoster (zona) kapab anpeche zona.

Zona (yo konn rele tou èrpès zoster, oswa zoster sèlman) se yon lagratèl ki fè mal, anjeneral avèk zanpoud. Anplis lagratèl la, zona kapab lakòz lafyèv, maltèt, frison oubyen estomak deranje. Raman, zona kapab pwovoke nemoni, pwoblèm pou tande, avèg, enflamasyon nan sèvo (ansefalit), oswa lanmò.

Konplikasyon ki rive pou souvan akòz zona se doule alontèm nan nè ki rele nevralji pòs-èrpetik (PHN). PHN konn parèt nan kote gratèl zona a te ye, menmsi gratèl la ale. Li kapab dire pandan plizyè mwa oswa ane apre gratèl la ale. Doule akòz PHN la ka grav ak envalidan.



Anviwon 10 a 18% moun ki gen zona pral genyen PHN. Risk pou gen PHN ogmante plis yon moun gen laj. Yon adilt ki grandèt ki gen zona gen plis chans pou li gen PHN epi pou li gen doule ki dire plis tan epi ki pi fò pase yon moun ki jenn ki gen zona.

Se viris zoster varisèl la ki bay zona, menm viris la ki bay varisèl/varyòl. Apre ou gen varisèl, viris la rete nan kò w epi li kapab ba w zona pi devan. Zona pa simaye soti yon moun antre nan yon lòt moun, men viris la ki lakòz zona kapab gaye epi bay varisèl yon moun ki poko janm gen varisèl oswa ki pa t janm pran vaksen kont varisèl la.

2 Vaksen rekonbinan kont zona

Vaksen rekonbinan zona a bay pwoteksyon solid kont zona. Lè li anpeche zona, vaksen rekonbinan zona a pwoteje tou kont PHN.

Vaksen rekonbinan zona a se vaksen prefere pou prevansyon zona. Sepandan, yon vaksen diferan, yon vaksen zona aktif, gendwa itilize nan sèten sikonstans.

Vaksen rekonbinan kont zona rekòmande pou **adilt ki gen 50tan oswa plis** ki pa gen okenn pwoblèm iminitè grav. Yo bay li kòm yon seri 2 dòz.

Vaksen sa a rekòmande tou pou moun kit e deja genyen yon lòt tip vaksen kont zona, vaksen zona aktif la. Pa gen okenn viris aktif nan vaksen sa a.

Yo gendwa bay vaksen kont zona a anmenmtan ak lòt vaksen.

3 Pale ak pwofesyonèl swen sante ou provider

Di founisè vaksen w lan si moun k ap pran vaksen an:

- Te fè yon **reyaksyon alèjik aprè yon premye dòz vaksen rekonbinan kont zona a**, oswa si li te fè nenpòt **alèji grav oswa mòtèl**.
- **Ansent oswa l ap bay tibebe li tete.**
- **Li gen kounye a yon kriz zona.**

Nan sèten ka, founisèswen sante w lan gendwa deside pou repòte nan yon lòt dat vaksen kont zona a pandan yon lòt vizit pi devan.

Moun ki gen maladi ki lejè, tankou lagrip, gendwa pran vaksen an. Moun ki malad ase oswa grav ta dwe tann jiskaske yo refè anvan pou yo ran vaksen rekonbinan kont zona a.



U.S. Department of Health and Human Services
Centers for Disease Control and Prevention

Founisè swen sante w lan kapab ba w plis enfòmasyon.

4

Risk yon reyaksyon ak vaksen an

- Sa konn rive bra a fè mal yon tikras tou piti oswa modereman aprè yon vaksen rekonbinan kont zona, epi sa afekte anviwon 80% nan moun ki vaksinen yo. Kote enjeksyon an fèt gendwa vin wouj epi anfle tou .
- Fatig, doulè nan miskl, maltèt, frison, lafyè, doulè lestomak ak kèplen konn rive aprè vaksen an kay plis pase mwaye nan moun yo ki te pran vaksen rekonbinan kont zona a.

Nan esè klinik, anviwon 1 moun sou 6 ki te pran vaksen rekonbinan zoster la te gen efè segondè kit e anpeche yo fè aktivite nòmal. Sentòm yo te disparèt pou kont yo anviwon 2 a 3 jou apre sa.

Ou ta dwe kanmenm pran dezyèm dòz vaksen zoster rekonbinan an, menmsi ou te gen reyaksyon sa yo aprè premye dòz la.

Moun pafwa santi yo fèb aprè pwosedi medikal, ki gen ladann vaksen tou. Di founisè w lan si ou santi tèt ou ap vire oswa si gen chanjman nan vizyon ou oubyen boudonman nan zòrè ou.

Menmjan ak nenpòt medikaman, gen yon chans tou piti pou yon vaksen koze yon reyaksyon alèrik grav, lòt chòk grav oubyen lanmò.

Yo pral voye enfòmasyon bay Michigan Care Improvement Registry pou ka pèmèt moun (yo) ki bay swen medikal gen enfòmasyon ki egzat sou estati vaksinasyon, evalyasyon vaksinasyon , ak orè yo rekòmande pou vaksinasyon alavni. Moun gen dwa pou mande moun ki ba yo swen medikal pou yo pa voye enfòmasyon sou vaksinasyon nan Biwo Anrejistremman an.

5

E si gen yon pwoblèm grav?

Yon reyaksyon alèrik gendwa rive aprè moun ki vaksinen an kite klinik la. Si ou wè siy yon reyaksyon alèrik grav (irtikè, figi ak gòj anfle, difikilte pou respire, kè a ap bat vit, tèt ki vire oswa feblès), rele **9-1-1** epi mennen moun lan lopital ki pi pre a.

Si gen lòt siy ki ba w preyokipasyon, rele founisè swen sante w lan.

Yo dwe rapòte reyaksyon yo nan Sistèm pou Rapòte Reyaksyon Negatif Vaksen (VAERS, Vaccine Adverse Event Reporting System). Anjeneral, pwofesyonèl swen sante ou ap fè rapò sa a oswa ou kapab fè li pou kont ou. Vizite sitwèb VAERS la nan **www.vaers.hhs.gov** oswa rele nan **1-800-822-7967**. VAERS la se sèlman pou deklare reyaksyon yo sèlman epi estaf VAERS pa bay konsèy medikal.

6

Kijan mwen kapab aprann plis?

- Mande pwofesyonèl swen sante ou.
- Rele depatman sante zòn ou oswa depatman sante Eta a.
- Kontakte Sant pou Kontwòl ak Prevansyon (CDC, Centers for Disease Control and Prevention):
 - Rele nan **1-800-232-4636 (1-800-CDC-INFO)** oswa
 - Ale sou sitwèb CDC nan **www.cdc.gov/vaccines**

DCH-1189HC

AUTH: P. H. S., Act 42, Sect. 2126.

Translation provided by Massachusetts Dept. of Public Health, Immunization Program

Vaccine Information Statement
**Recombinant Zoster
Vaccine** - Haitian Creole

10/30/2019



Office use only